



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
GAYAN KONKOU PIBLISITE NEW YORK METE YON MASK LA**

De videyo ki genyen yo - "Nou kè New York" ki te kreye pa Bunny Lake Films ak "Ou ka toujou souri" pa Natalia Bougadellis ak Emory Parker - pral toune kòm anons sèvis piblik.

600 soumisyon videyo, 186,000 vòt

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gayan konkou piblisite New York Mete yon Mask la - "Nou kè New York" (We Heart New York) ki te kreye pa Bunny Lake Films ak "Ou ka toujou souri" (You Can Still Smile) pa Natalia Bougadellis ak Emory Parker. Y'ap itilize tou de videyo ki genyen an kòm yon Anons Sèvis Piblik epi ou kapab jwenn li sou entènèt [isit la](#).

Konkou la, ke Gouvènè te lanse nan dat 5 me a epi ke pitit fi li Mariah Kennedy Cuomo te siveye, ki mande Nouyòkè yo kreye ak pataje yon videyo ki eksplike poukisa Nouyòkè yo ta dwe pote yon mask an piblik. Eta a te kolekte plis pase 600 videyo yo te soumèt nan tout eta a, e te gen 186,000 vòt ki te ekspriye nan konpetisyon an.

"Nou te lanse konkou Wear A Mask New York la pou ede pwopaje pawòl la sou enpòtans pou mete yon mask, e franchman konpetisyon sa a te pwodwi pi plis enèji ak eksitasyon ke sa mwen menm te prevwa", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Gwo nivo patisipasyon an demontre ke gen moun yo konprann ke yon mask ka reprezante diferans ki genyen ant lavi ak lanmò. Sa gen pou wè ak lavi yo ak kominote yo, epi yo angaje yo -- paske yo se moun New York ki djanm, entlèijan, ini, disipline epi ki gen renmen."

"Nou te mande Nouyòkè yo pou yo kreye piblisite sou enpòtans pou mete yon mask an piblik, e nou te resevwa plis pase 600 videyo yo te soumèt nan tout eta a", **Mariah Kennedy Cuomo te deklare**. "Konpliman pou ganyan nou yo epi mèsitout moun ki te soumèt piblisite yo, sila yo ki te vote, ki te pataje piblisite yo, e ki te ede pwopaje mesaj enpòtan sa a ke li absoliman esansyèl pou mete yon mask an piblik. Epi nou pral kontinye kontakte Nouyòkè yo pou ede nan pwopagasyon mesaj la sou kijan nou ka andire sa a ansanm paske Nouyòkè yo klèman pare, dispoze epi yo kapab ede."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)